

Akt Patriyòt USA-a

Aksyon gouvènman-an pran k'ap menase libète sivil-nou

Swa dizan poutèt y'ap konbat teworis, gouvènman-an ak nouvo lejislasyon ap wete libète-nou an cachet rapid rapid. Kongrè pase yon seri de lejislati ki bay Executive Branch-la kokenn chenn dwa ki "sape" dwa-nou e ki pa menm nesèsè pou pwoteje-nou. Akt sa-a se yon dokiman 342 paj ke manb kongrè te pase le 26 oktòb 2001 san okenn deba pa't fèt, e san anpil nan-yo pa't menm te li dokiman-an. Apre-sa, administrasyon te pase yon pakèt règ aksyon, ak praktis ki menase dwa-nou.

Akt Patriyòt USA-a.

- Sa yo rele "teworis domestik" vinn fè pati de lwa kont teworis kounye-a. kivledi ke òganizasyon politik lokal ka vinn anba siveyans, arasman, e aksyon kriminèl poutèt advokasi politik.
- Kounye-a, moun ki anfòse lalwa, ap vinn gen plis dwa pou fè fouy sekre, pou fè siveyans de telefòn ak entènèt, pou gen aksè a enfòmasyon medikal, finansyè, sante mantal, ak dosye etidyan anba sipèvizyon minimal.
- Bay FBI dwa pou envestige sitwayen ameriken san kòz pwobab si yo di ke se pou kòz "ransèyman"
- Pèmèt ke yo arete moun ki pa menm ameriken baze sou sispisyon sèlman. Epitou, yo ka renye re-admisyon yon moun pou tounen Etazini deske moun-sa-a te ekzèse dwa de pale lib-li. Menm lè yo pa konvikte yon sispè de okenn krim, yo gen dwa kenbe'l endfiniman nan de santans de 6 mwa alafwa san okenn revizyon jidisyè.

Nouvo Aksyon Branch Ekzekitif Federal

- Yo te enteroje 8000 Arab ak imigran de Azi du Sud poutèt relijyon-yo ak rasinn-yo, e non pa paske yo te fè yon krim.
- Gen de milye de gason, pifò ladan-yo se Arab oswa mou azi du sud, ke yon kenbe nan gad federal pandan semen, e menm mwa. Gen de fwa yo pa menm akize moun-sa-yo de okenn krim. E yo derefize pibliye non moun-yo ak sa yo devnu menm lè tribinal ba-yo lòd pou yo fè sa.
- Kounye-a laprès ak popilasyon piblik pa gen dwa asiste tribinal pou moun ke yo arete apre 11 septanm e yo menm bay tribinal lòd pou yo kenbe dat e lokasyon pwosè-sa-yo yon sekre.
- Gouvènman gen dwa pou sipèvize kominikasyon ant avoka ak dti-li. Se yon pratik ki detwi privilèj avoka ak kliyan-li e ki menase dwa de konsey.
- Kounye-a, FBI ta gen dwa espyone òganizasyon relijye ak politik e menm moun, san yo pa gen okenn evidans ke gen okenn move zak ki komèt.
- Prezidan Bush bay lòd pou komisyon militè jije non-sitwayen ke yo sispèk se teworis. Yo ka akize moun-nan baze sou sa moun di an sekre, e ak 1/3 de vot sèlman yo ka jije moun-nan.

- Gen de sitwayen ameriken ke yo kenbe swa dizan paske yo sispèk se teworis yo ye. Moun sa-yo dèyè bawo militè san yo pa chaje-yo ak anyen, e san yo pa bay-yo aksè a avoka.

Alò, ki dwa ke bagay-sa-a menase?

- Premye amandman – libète de relijyon, de pale, pou asanble, e pou laprès
- Katriyèm amandman – ki pwoteje moun kont fouy san rezon, e ki anpeche yo sezi bagay san rezon tou.
- Senkyèm amandman – pèsonn pa janm gen dwa vin prive de lavi-li, libète-li, zafè-li san pa gen sa yo rele “due process” lalwa.
- Sizyèm amandman – dwa pou yon pwosè rapid an piblik devan yon jiri enpasyal, dwa pou konnen tout fè-yo sou akizasyon-yo, dwa pou konfronte temwen-yo, e gen asistans konsey.
- 8eme amandman – yo pa’p enpoze okenn kosyon eksesif, ni pinisyon kriyèl e anòmal
- katòzyèm amandman – tout moun (sitwayen oswa non-sitwayen) Ozetazini gen dwa pou pwoteksyon egal lalwa e a sa yo rele “due Process”

kisa nou ka fè?

Mank de sa yo rele “due Process” ak responsabilite, vyole dwa ke tout moun genyen, kit se sitwayen oswa non-sitwayen. Bagay-sa twò sanble zak ki t’ap pase nan ane 50, 60, 70 lè FBI te soti pou enteronp e diskredite endividu ak gwoup ki te angaje nan aktivite politik lejitim.

ACLU ak de milye de òganizasyon ak endividu konsène pou pwoteje dwa sivil-nou, e l’ap lanse yon kanpay pou asire ke dwa-nou-yo pa vin tounen yon “blese” de lagè kont teworis-la.

Vin mete tèt ak nou pou nou reprann libète ke nou te batay di pou nou te genyen!

- Vini oswa kontribye ak ACLU
- Sipòte yon rezolisyon nan vil-ou ki rejte USA Patriot Act-la
- Kontakte reprezantatif elu-ou-yo ak prezidan-an pou eksprime opozisyon-w kont USA Patriot Act-la
- Voye lèt pou jounal-lokal. Òganize diskisyon nan lekòl-ou, òganizasyon-ou, ak nan enstitisyon ki pa relijye.

Ale nan www.aclu.org/safeandfree pou plis enfòmasyon e pou pran aksyon!

Due Process: *se yon pwovizyon konstitisyonèl ki anpeche gouvènman-an prive yon moun de lavi’l, libète’l, oswa de pwopriyete’l san rezon oswa abitrèman. Gen de (2) Due Process pwopozisyon nan konstitisyon Etazini-a: youn nan 5eme amandman, e lòt-la nan 14eme amandman.*